



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL REKONÈT JOUNEN SALÈ EGAL EPI LI METE AKSAN SOU EFÒ POU FÈMEN DIFERANS SALÈ ANT SÈKS NAN ETA NOUYÒK

Depatman Travay Eta Nouyòk la pibliye dènye [rapò sou diferans salè ant sèks](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te rekonèt Jounen Salè Egal, sa ki make batay kontinyèl kont diferans salè ant sèks yo epi li pwomèt pou l kontinye batay pou egalite salè pou tout travayè yo nan Eta Nouyòk. Jounen Egalite nan Salè a senbolize konbyen tan nan ane a fanm yo dwe travay pou yo resevwa salè gason te resevwa nan ane anvan an, sa ki mete aksan sou fanm yo ke yo souvan peye mwens pase kòlèg gason pa yo. Diferans sa a rete youn nan pi gwo defi mache travay la ap fè fas atravè Eta a ak nasyon an. Depatman Travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor, NYSDOL) la [fèk analize](#) done ki fèk disponib nan ane 2023 epi li te jwenn ke yo te peye fanm k ap travay apletan, pandan tout ane a nan Eta Nouyòk 87.3 santim pou chak dola ke gason yo te touche. Malgre ke gen plis pwogrè toujou ki pou fèt pou konble diferans lan, diferans salè sèks yo nan Nouyòk etwat konpare ak mwayèn nasyonal 81.1 santim pou chak dola a. An reyalyte, Nouyòk te gen twazyèm pi piti diferans salè pami eta nan nasyon an, dèyè Vermont ak Rhode Island.

"Fanm yo twò souvan se premye moun ki pran swen yon timoun oswa yon paran ki aje, yo sakrifye pwòp sekirite finansye yo nan pwosesis la epi nan Nouyòk nou refize aksepte sa kòm sityasyon aktyèl la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou ap fè travay di a. Nou te enskri dwa avòtman nan konstitisyon nou an, garanti fanm yo 20 èdtan konje prenatal peye, elaji aksè ak gadri, devlope pwogram devlopman mendèv pou elaji opòtinite pou fanm yo epi ranfòse Pwogram Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede (Minority and Women Owned Business Enterprises, MWBEs) — paske lè fanm yo gen libète ak sipò pou yo reyisi, tout ekonomi nou an ap grandi. Salè egal pa sèlman gen pou wè ak jistis; li gen pou wè ak bati yon avni ki pi solid, ki pi ekitab pou tout moun epi kòm premye fanm Gouvènè Nouyòk, sa a se yon batay mwen pa ka tann pou mwen genyen."

Analiz Depatman Travay Eta Nouyòk te jwenn tou ke fanm koulè yo kontinye ap fè fas ak pi gwo disparite menm, ak fanm Epanyòl ak fanm Nwa yo ki touche 60.6 santim ak 67.7 santim respektivman pou chak dola gason blan, ki pa Espanyòl touche. Pou mete chif sa yo yon lòt fason, yon fanm ki te touche revni mwayèn nan Eta Nouyòk (62,111 dola) te touche 9,057 dola an mwens pase tokay gason li an 2023. Si diferans salè sa a

ta rete san chanje, li ta touche 362,280 dola mwens pase yon gason ki touche salè mwayèn nan pandan yon karyè 40 ane.

Komisè Depatman Travay Eta Nouyòk la, Roberta Reardon, te deklare, "Jounen Egalite Salè a fè nou sonje ke nou dwe fè plis pou fèmèn Diferans Salè ant Sèks yo. Malgre ke nou te fè gwo pwogrè, inegalite ekonomik yo pèsiste. Yo kontinye mal evalye travay medam yo epi yo pa peye yo ase. Sa dwe chanje. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap kontinye avanse efò pou elimine tout baryè ki anpeche Nouyòkè yo rive jwenn tout potansyèl salè yo, kèlkeswa sèks yo."

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te rete konsantre sou pran mezi k ap mennen nan nasyon an pou fèmèn Diferans Salè ant Sèks la. Obligasyon gadri pou timoun yo rete yon faktè ki pèsistan nan Diferans Salè ant Sèks la. Nan [Diskou sou Sitiyasyon Eta 2025 li a](#) ak Pwopozisyon Bidjè Egzekitif Eta pou Ane Fiskal 2026 li, Gouvènè a te priyoreze yon kantite inisyativ ki konsantre sou fanmi ki fèt pou kreye yon mache travay ki pi ekitab. Etablisman [Koalisyon Nouyòk pou Gadri \(New York Coalition for Child Care\)](#), kreyasyon yon gwoup ranplasan gadri, ak yon fon konstriksyon gadri ki evalye a 100 milyon dola pou konstwi nouvo enstalasyon gadri ki egziste deja ak sa kr yo renove, yo tout fè pati efò plizyè ane Gouvènè a pou fè Eta Nouyòk avanse pi pre pou reyalize yon etap esansyèl pou gadri inivèsèl nan travay gadri a, ak yon etap esansyèl pou asire travay gadri a, yon etap esansyèl pou asire patisipasyon konplè epi egalite fanm yo nan mendèv la. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk te investi [plis pase 7 milya dola pou](#) elaji aksè ak gadri. Gouvènè Hochul ap pwopoze tou yon [agrandisman istorik Kredi Taks pou Timoun Nouyòk la](#), ki gen enpak sou plis pase 1.5 milyon fanmi epi ki reprezante pi gwo ogmantasyon kredi taks pou timoun eta a nan istwa.

Pwopozisyon sa yo bati sou aksyon Gouvènè Hochul te fè anvan pou kreye yon mache travay ki pi ekitab. Kounye a, Nouyòk se premye eta nan nasyon an ki egzije 20 èdtan [Konje Prenatal Peye](#), pou asire ke okenn travayè ansent pa bezwen chwazi ant yon chèk ak yon vizit medikal. An 2024, Nouyòk te elaji dwa nan espas travay lè li te egzije [konje peye pou ekspresyon lèt matènèl](#). Li esansyèl tou de benefis yo disponib pou travayè a tan pasyèl ak aplentan, paske etid yo montre ke fanm yo gen plis chans pase gason yo travay a tan pasyèl.

Senatè Eta Jessica Ramos te deklare, "Mwen fyè de travay nou fè an patenarya ak Gouvènè Hochul pou fèmèn diferans ras ak salè ki baze sou sèks yo. Nouyòk te yon lidè nan amelyore transparans salè, ekipe patwon yo ak kapasite pou atire talan ki pi gwo ak kandida kalifye, ak kapasite pou negosye pou salè ak benefis yo merite. Se konsa nou konbat feminizasyon povrete a."

Manm Asanble Harry B. Bronson, te deklare, "Kòm Prezidan Komite Travay la, mwen gouden di chak jou pou yon ekonomi ekitab, enklizif, epi nou pa ka gen yon ekonomi jis san salè ekitab pou tout moun. Li lè nou mete fen nan diferans salè a kote fanm yo touche mwens pase tokay gason yo pou menm travay la. Epi pou Fanm Nwa yo, Fanm Natif Ameriken yo ak Fanm Latina yo - diferans salè a plis ekstrèm nenm.

Mwen pral kontinye travay ak Gouvènè a, NYSDOL, patnè lejislatif mwen yo ak fanm k ap travay di nan Nouyòk, pou ankouraje ekite opòtinite pou mete fen nan disparite salè a pou tout tan."

[Salè minimòm nan Nouyòk la](#) kontinye ap ogmante tou nan kad akò istorik, pou plizyè ane Gouvènè Hochul te genyen ak Lejislati Eta a. [Rapò sou Diferans Salè ant Sèks](#) NYSDOL la te jwenn ke majorite travayè salè minimòm yo se fanm koulè. Lè Nouyòk ogmante salè minimòm lan, li kontinye mete lajan nan pòch fanm yo atravè eta a. An menm tan, lwa [Transparans Peman](#) Nouyòk la egzije patwon yo pou yo mete nivo salè yo sou tout afich travay yo, pou bay fanm yo pouvwa pou yo pran desizyon karyè ki pi byen enfòmè epi asire yo peye yo jis.

NYSDOL kontinye ekipe fanm yo tou atravè [Sant Karyè](#) li yo atravè eta a. Sant sa yo ofri konsèy sou karyè, devlopman konpetans, asistans pou redije CV, konsèy pou entèvyou, ak referans pou travay ki byen peye pou tout Nouyòkè yo gratis Depatman an ofri tou yon [gid negosyasyon salè](#) pou ede Nouyòkè yo maksimize potansyèl salè yo.

Kòm yon pati nan efò li pou mete aksan sou ak abòde diferans nan salè sèks yo, NYSDOL kontinye kontwòle ak bay [mizajou chak ane](#) sou eta ekite salè nan Nouyòk. Angajman sa a asire transparans epi enfòmè estrateji ki baze sou done pou sipòte yon mache travay ki valorize ak rekonpanse tout travayè yo san patipri.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou inisyativ Depatman Travay Eta Nouyòk la pou konbat diferans salè ant sèks yo epi sipòte egalite mendèv, vizite [Sant Diferans Salè ant Sèks la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)